**муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**средняя общеобразовательная школа № 31**

Утверждено на заседании МО
учителей осетинского языка
и литературы
Чараева Т.Ц.
от 28.08. 2023 протокол № 1

Утверждаю
Директор МБОУ СОШ № 31
З.А.Варзиева
28.08.2023 протокол № 1

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА по
# Осетинской литературе
## для учащихся 8-х классов по УПМ «Ирон литературæ»
## автор – Джиккаев Ш.Ф.
## (2023-2024 учебный год)

Кусаен программае  ирон литератураейае 8- къла

**31-ам скъола**

**2023 - 2024 ах.аз.**

Программæ арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы иумæйаг  æмæ профессионалон ахуырады Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæйы бындурыл (Дзæуджыхъæу: «Ир» - 2005, 208 ф.)

Адæмы монон царды кæддæриддæр стыр ахадындзинад уыдис фольклор æмæ аив литературæйæн. Уыдоны нывæфтыд æрцыд сæ цард, сæ историйы ахсджиагдæр цаутæ, сæ зонадон фæлтæрддзинад. Уыдоны ис зонды суадон, ныхасы фидауц æмæ бæрзонд идейæтæ. Дзырдаивадæн йæ нысаниуæг фæуæлдæр ис нæ рæстæджы. Уый рæзгæ фæлтæры хъомыл кæны гуманизм æмæ граждайнаг идеалтыл, фидар кæны адæмы удварн, уымæй рæзынц монон æмæ культурон традицитæ. Уымæ гæсгæ скъолайы куысты ахъаззагдæр у литературæ ахуыр кæнын.

**ФПАС-ы бындурыл 5-æм къласы иронлитературæйы кусæн программæ.**

Уæрæсейы Федерацийы  Министрады  бардзырдмæ гæсгæ  (от 31 декабря 2015 года № 1577 «О внесении изменений в ФГОС ООО, утвержденный приказом МОН РФ от 17 декабря 2010 года № 1897»), ахуырадон предметты кусæн программæты  хъуамæ уа   æртæ хайы. Уыдон сты:

**1) нысангонд предметон фæстиуджытæ** (предметные результаты);

**2)ахуырадон предметы мидис;**

**3) тематикон пълан, алы темæйæн дæр цы сахæтты нымæц лæвæрд цæуы, уыимæ.**

ФПАС-мæ гæсгæ **8-æм къласы**ирон æвзаг æмæ литературæ ахуыр кæнынæн лæвæрд цæуы къуыри æртæ сахаты   34 куыри дæргъы;

Афтæмæй, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыртæ 7 -æм кълæсы арæзт цæуынц ахæм хуызы:

**ахуыры азы 1-аг æмбисы (первое полугодие):**
**ирон æвзагæй къуыри 1 урочы – 16 сах; ирон литературæйæ къуыри 2 урочы - 31 сах;**

**ахуыры азы 2-аг æмбисы (второе полугодие):**
**ирон æвзагæй къуыри 2 урочы - 35 сах; ирон литературæйæ къуыри 1 урок – 20 сах;**

## 1. «Иронлитературæ» ахуыр кæныны предметон фæстиуджытæ; (предметные результаты)

Ирон литературæ у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон литературæ у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Литературæ канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, литературæ у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон литературæйы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад:

Ирон литературæ у ахуырадон хай «Филологи»-йы къабæзтæй иу, æнгом баст у ахуырадон предмет «Ирон æвзаг»-имæ. Ирон литературæ у скъоладзауты дзырдуат хъæздыг кæныны мадзал, сæ ныхасы культурæ, иумæйагæй коммуникативон арæхстдзинæдтæ рæзын кæныны фæрæз.

Ирон литературæйы фæрцы ахуырдзаутæ хуыздæр банкъардзысты дзырды эстетикон функци, фæцалх уыдзысты, хъуыдытæ æргом кæнынæн бæлвырд дзырдтæ ссарынмæ.

Программæмæ гæсгæ скъоладзаутæ базонгæ уыдзысты канд фольклорон æмæ литературон уацмыстимæ нæ, фæлæ ма литературæйы теорийы хицæн æмбарынæдтимæ дæр.

Ирон литературæ хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон литературæйы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты адæмон сфæлдыстадимæ, ирон литературæйы хуыздæр уацмыстимæ.

Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:

- скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- проблемон ахуыртæ;
- информацион-коммуникацион технологитæ;
- æнæниздзинад хъахъхъæныны технологитæ;
- бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
- коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- проектон-иртасæн технологи.

**Стандарттæм гæсгæ скъоладзаутæ литературæйæ райсдзысты ахæм зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ:**

-иумæйаг культурон-литературон арæхстдзинæдтæ: литературон уацмыс арф æнкъарын; ирон литературæйы бастдзинад æппæтдунеон литературæтимæ æмбарын; кæсыны культурæ бæрзонд кæнын; библиотекæйы, интернеты иформаци агурын зонын;

-царды зынаргъдæр цы хæзнатæ сты, уыдон иртасынмæ арæхсын: алыварсы дунемæ уарзон цæстæй кæсын; царды алы фæзындмæ хи цæстæнгас дарын; æмбарын литературæйы нысаниуæг адæймаджы удварны хъомыладу; адæймаджы фауинаг миниуджытæм критикон цæстæнгасæй кæсын; литературон уацмысы агурын дзуæппытæ зæрдæагайæг фæрстытæн;

-кæсыны культурæ бæрзонддæр кæнынмæ арæхстдзинад: литературон уацмысмæ сфæлдыстадон цæстæнгасæй кæсын; зæрдæмæ хæстæг темæтыл уацмыстæ æвзарын æмæ сæ кæсын; литературон уацмысы цы дуг æмæ культурæйы кой цæуы, уыдоны æдыл арæзт диалогон ныхасы архайын; уацмысы сæйраг персонажты миддунейæн æмæ архæйдтытæн аргъ кæнын зонын;

-ныхас кæнын; ныхасы стильтæй раст пайда кæнын зонын.

ахуыр кœнынц литературœйы истории. Ам œрмœг лœвœрд цœуы хронологион уагыл. Программœмœ хаст œрцыдысты ирон литературœйы ахъаззагдœр фœзындтœ œмœ зынгœ фысджыты уацмыстœ. Æвзœрст цœуынц, зонынадœн, идейон œмœ эстетикон хъомыладон цас ахъаз сты, уыцы принципмœ гœсгœ.

**8-æм кълœсы** программœ домы дарддœр дœр скъоладзауты кœсын œмœ дзурыныл ахуыр кœнын. Ахуырдзаутœ хъуамœ базоной текст œвзарын, йœ мидис рафœлгъауын œмœ йœ радзурын. Уыдонœн раттын хъœуы бœлвырд зонинœгтœ автор œмœ йе

сфœлдыстады тыххœй. Лœмбынœг кœсын хъœуы йœ аивдзинады œуусœлтœм. Уый сœраппонд, уацмыс œвзаргœйœ, амынд цœуынц хицœн терминтœ литературœйы теорийœ.

Ахуырдзаутœ хъуамœ базоной, аивадон ныв œмœ фœлгонц цы мадзœлттœй арœзт цœуынц, уыдон, хъуамœ иртасой нывœфтыд œвзаджы рœсугъддзинад œмœ йœ аивадон гœнœнтœ.. Скъоладзау хъуамœ базона уацмыс œмœ йœ архайджыты тыххœй йœ хъуыдытœ зœгъын, цаутœн аргъ кœнын, уыдон цардимœ бœттын.

**Тематикон пълан иронлитературæйæ 8-æм къласæн.**

| № | Сæргонд (хай) | Сахат |
|---|---|---|
| **1** | **Разныхас** | **1 сах** |
| **2** | **Адæмон дзургæ сфæлдыстад -** | **9 сах.** |
| **3** | **Хетæгкаты Къоста** | **7сах** |
| **4** | **Гæдиаты Секъа** | **4сах** |
| **5** | **Брытъиаты Елбыздыхъо** | **3 сах** |
| **6** | **Илас Æрнигон** | **1сах** |
| **7** | **Коцойты Арсен** | **3 сах** |
| **8** | **Гæдиаты Цомахъ** | **2 сах** |
| **9** | **Малиты Геуæрги** | **2 сах** |
| **10** | **Беджызаты Чермен** | **3 сах** |
| **11** | **Хъуылаты Созырыхъо** | **2сах** |
| **12** | **Гулуты Андрей** | **1сах** |
| **13** | **Епхиты Тæтæри** | **1сах** |
| **14** | **Плиты Грис** | **3сах** |
| **15** | **Цæгæраты Максим** | **1сах** |
| **16** | **Гæбулты Мелитон** | **1сах** |
| **17** | **Цæрукаты Алыксандр** | **2сах** |
| **18** | **Джусойты Нафи** | **1сах** |

| | | |
|---|---|---|
| **19** | **Дзаболаты Хазби** | **1сах** |
| **20** | **Рацыд ӕрмӕг рафӕлхат кӕнын** | **4 сах** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | | |

| | | |
|---|---|---|
| | **Ӕдӕппӕт** | **51 сах** |

**Къӕлендарон- тематикон пълан ирон литературӕйӕ 8 къласӕн.**

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **Разныхас. 1с.** | «Нарты кадджытæ»- ирон адæмы эпос | **1** | | Устный контроль | Адæмон сфæлдыстады хуызтæ æмæ сæйраг жанртæ. Эпос, таурæгътæ, историон зарджытæ. Мифтæ æмæ истори ирон фольклоры. Адæмон сфæлдыстады зонынадон, хъомыладон æмæ эстетикон ахадындзинад. Истори æмæ адæмон æгъдæуттæ эпосы æмæ таурæгъты. Фольклор æмæ литературæйы бастдзинад. | | | **Зонын дзурынмæ** |
| **2.** | **Адæмон сфæлдыстад 9с.** | Кадаег «Нарты симд»- мидис | **1** | | Устный контроль | Зоной: текст, йæ мидис; йæ цаутæ æмæ сæ рæзт (сюжет); сæ хъайтарты, уыдоны æууæлтææмææмæ ахастытæ;<br><br>-дзырдаивады хуызтæ:<br><br>Арæхсой: - тексттæраст, аив æмæрæвдз кæсынмæ;<br><br>- уацмысты мидис радзурынмæ; фæрстытæн бæстон дзуапп | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | дæттынмæ;<br><br>-персонажтæн характеристикæ дætттынмæ;". Кадæджы мидис. Нарты царды æууæлтæ. Аивады бынат Нарты царды. Акула-рæсугъды фауты мидис.Нæртон чызджы идеалтæ æмæ доммæнтæ. Батрадзы хъайтарон сгуыхт. | | | |
| **3** | | «Ацæмæз æмæ Агуынд- рæсугъд»-ы нарты царды нывтæ. | **1** | | Устный контроль | ". Кадæджы мидис. Нарты царды нывтæ. Мифты бынат фыдæлты царды æмæ кадæджы. Ацæмæзы миниуджытæ, йæ фæлгонц. Музыкæйы тых æмæ нысаниуæг. | | | **Дзурынмæ** |
| **4** | | Таурæгъ «Мачъидон Алыксан» -ы мидис. | **1** | | Устный контроль | Таурæгъы мидис. Æрыгон паддзахы сгуыхтытæ. Æнæфсисдзинад — фыдбылыз хæссæг. Зæронд лæджы куырыхон зонд, йæ амынды нысаниуæг. Истори æмæ | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | таурæгъы æмахаст. | | | |
| **5** | | Таурæгъ «Хъуды абырджытæ» - йы хæлардзинады тых. | **1** | | Устный контроль | Йæ мидис. Адæм æмæ паддзахы хицæутты быцæу. Цыппар æмбалы сгуыхтытæ. Хæлардзинады тых. Хъайтарты фæлгонцтæ. Адæмы ахаст "абырджытæм". Уазæг буц кæныны æгъдау. Лæгдзинад æмæ патриотизмы мотив. Таурæгъы сюжетон арæзты сæйраг æууæлтæ. | | | **Дзурынмæ** |
| **6** | | Таурæгъ «Хуыцауы азар» -ы кофликт-хæс æмæ æнкъарæнты быцæу. | **1** | | Устный контроль | Таурæгъы мидис. Иæ конфликт — хæс æмæ æнкъарæнты быцæу. Райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй цæуын — фыдракæнд. Адæмы тæрхон æмæ таурæгъы сæргонды нысаниуæг. Кико — уæздан æмæ æгъдауылхæст адæймаг. Пирузы мидсагъæстгæ | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | æмæ йæ хъизæмар. Хорз æмæ рæстдзинады уæлахиз. | | | |
| **7** | | Историон – хъайтарон зарæг «Задалески нана» - йы адæмы уæззау хъысмæт | **1** | | Устный контроль | Зарæджы мидис. Ахсахъ Тимуры æрбабырст. Тохы æвирхъау нывтæ. Адæмы уæззау хъысмæт. Сабиты уавæр. Мады сгуыхт. Адæмы ахаст сæ ирвæзынгæнæгмæ. Зарæджы аивадон фæрæзтæ (эпитет, абарст). | | | **Дзурынмæ** |
| **8** | | «Аслæмбеджы зарæг» -ы æфсымæрты сгуыхт. | **1** | | Устный контроль | "). Зарæджы мидис. Йæ конфликт — адæм æмæ æлдæртты быцæу. Æфсымæрты сгуыхтытæ. Бæтæйы фырттæ æмæ Кæсæджы æлдæртты быцæу. Будзи æмæ Аслæнбег — адæмы хæрзгæнджытæ. Геройты трагикон мæлæт. | | | **Дзурынмæ** |
| **9** | | "Исахъы зарæг". Исахъ — сæрибарыл | **1** | | Устный контроль | ". Йæ мидис æмæ йæ аивадон арæзт. Исахъ — | | | **Аив каст** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | тохгæнæг.. | | | | сæрибарыл тохгæнæг. Хъайтары трагикон хъысмæт. | | | |
| **10** | **Хетæгкаты Къоста**<br><br>**7с.** | Хетæгкаты Къоста-адæмон поэт. | **1** | | Устный контроль | Хетæгкаты Къоста-адæмон поэт. Йæ цардвæндаг. Йæ уацмысты мидис æмæ идейæтæ. | | | **Дзурынмæ** |
| **11** | | Хетæгкаты Къоста-йы уацмысты мидис æмæ идейæтæ. Поэты катайы аххосæгтæ «Сагъæс»-ы. | **1** | | Устный контроль | "Сагъæс". Поэты катайы аххосæггæ. Поэты хæс æмæ нысан — адæмы иу кæнын, амондмæ сын фæндаг амонын, сæрибар æмæ фыдыбæстæйы сæраппонд тох кæнын. | | | Наизусть |
| **12** | | Адæймаджы царды нысан-адæмы иу кæнын «Марды уæлхъус»-ы. Адæмы уæззау уавæр «Азар»-ы. | **1** | | Устный контроль | Адæймаджы царды нысан — хорз хъуыддæгтæ кæнын. Хорздзинад — номгæнæг, хæрзгæнæг - "æнæмæлæт". | | | Наизусть (Скъуыд**)** |
| **13** | | Царды нывтæ «Ахуыр»-ы. | **1** | | Устный контроль | "Ахуыр". Уацмысы мидис. Царды нывтæ. Давæджы æууæлтæ. Литературæйы | | | **Аив каст** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | теори. Метоними. | | | |
| **14** | | Поэмæ «Чи дæ?»-йы. | **1** | | Устный контроль | Поэмæйы мидис — хæххон адæмы цард, иунæджы хъысмæт. Сидзæры уавæр, йæ удхайраг цард. "Куыст — цардæн фæрæз". Хъайтар — цардбæллон, куыстуарзаг, ныфсхаст, сыгъдæгзæрдæ адæймаг. Ирон чызджы уавæр патриархалон хæдзары, йæ хъысмæт. Æрдзы нывтæ поэмæйы. | | | Наизусть (Скъуыд**)** |
| **15** | | Историæмæ таурæгъ поэмæ «Кæуæг айнæг»-ы. | **1** | | Устный контроль | ". Поэмæйы мидис. Ирон царды нывтæ. Истори æмæ таурæгъ поэмæйы нывæсты. Адæмы тох хæдбардзинадыл, сæ патриотизм. Тыхгæнджыты æууæлтæ. Тæрхоны лæгтæ æмæ сæ уынаффæ. Гæнах аразыны | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | нысан. Дæсны фæрсын æмæ йæ фæстиуæг. | | | |
| **16** | | Кадæг « Хетæг»-ы мидис | **1** | | Устный контроль | Литературæйы теори. Кадæг | | | **Дзурынмæ** |
| **17** | **Гæдиаты Секъа 4с.** | Гæдиаты Секъа – адæмон фыссæг. Ирон царды нывтæ радзырд «Айссæ»-йы. | **1** | | Устный контроль | Секъа — адæмон фыссæг. Йæ царды хабæрттæ. Йæ бæллицтæ — рухс фидæн, сæрибар æмæ фæрныг цард. Ирон царды нывтæ. Адæмы уавæр паддзахы заманы. Адæм æмæ хицауады быцæу. Уацмысы конфликт. Хицæутты фыдмитæ. Адæмы тох сæ бартыл æмæ сæ намысыл. Ахмæты хъысмæт. Йæ фæлгонц. Айссæйы хъысмæт. Адæмы фæзминаг миниуджытæ. | | | **Дзурынмæ** |
| **18** | | Радзырд «Азау»- уарзондзинады æнкъард таурæгъ. | **1** | | Устный контроль | ."Азау" — уарзондзинады "æнкъард таурæгъ". | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **19** | | Исбоны тых уацмыс«Азау»- ы. | **1** | | Устный контроль | Исбоны тых адæмы царды. Фыдæлты æгъдæуттæ æмæ æнкъарæнты быцæу. Таймуразы тох йæ амондыл. Азауы тæригъæддаг хъысмæт. Хъайтарты фæлгонцтæ. | | | **Дзурынмæ** |
| **20** | | **Фысгæ куыст. Изложени .** Рагон ирон царды æгъдæуттæ радзырд «Азау» - мæ гæсгæ. | **1** | **1** | Письменный контроль | Уарзондзинады уæлахиз. Адæмон æгъдæуттæ. | | | фыссынмæ |
| **21** | **Брытъиаты Елбыздыхъо** 3 с. | Брытъиаты Елбыздыхъо- ирон театр саразæг, сæрибары фидиуæг. | **1** | | Устный контроль | Елбыздыхъо — ирон театр саразæг, сæрибары фидиуæг. Йæ цардвæндаг.Трагедийы конфликт — ирон адæм æмæ паддзахы быцæу. Уацмысы историон æмæ фольклорон бындур. | | | **Дзурынмæ** |
| **22** | | Трагеди «Хазби»-йы | **1** | | Устный | Уацмысы идейæ — национ | | | **Дзурынм** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | историон бындур. | | | контроль | иудзинад æмæ хæдбардзинад. Хохаг царды нывтæ. Паддзахы хицауады фыдвæндтæ. Адæмы социалон дихдзинад. | | | **æ** |
| **23** | | Хазби – адæмы хъæбатыр. | **1** | | Устный контроль | Адæмы куырыхон зонд æмæ патриотизм. Ислам æмæ Нанайы фæлгонцтæ. Хазби — адæмон хъæбатыр. Йæ тохы нысан. Йæ трагедийы аххосæгтæ. Йæ фæлгонц | | | **Дзурынмæ** |
| **24** | **Илас Æрнигон 1 с.** | Илас Æрнигон. Уацмыс «Хæрзбон»-ы идейæ. "Фыд йæ фыртæн фæдзæхсы". | **1** | | Устный контроль | ". Ирон лæджы хъысмæт хæдхæцæгады уавæры. Фыдыбæстæйæ кæй фæхауæггаг, уый аххосæгтæ. Патриоты хъизæмар. Йæ уавæр æцæгæлон зæххыл. Уацмысы идейæ — Райгуырæн бæстæ уарзын. Фæдзæхстыты мидис. | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | Ирон лæджы æууæлтæ, йæ кад æмæ йæ намысы æвдисæнтæ. Мад æмæ Райгуырæн бæстæ. Фыды зондахаст. Патриотизм — уацмысы идейæ.<br><br>Литературæйы теори. Абарст. | | | |
| **25** | **Коцойты Арсен 3с** | Коцойты Арсен – ирон аив дзырды зæрингуырд. Радзырд «Декрет»-ы мидис. | **1** | | Устный контроль | Коцойты Арсен - ирон аив дзырды зæрингуырд. Йæ царды хабæрттæ, йæ рухсадон куыст.". Радзырды мидис - дины кусæджы хъысмæт цардивæн рæстæджы. Сауджыны митæ ног æхсæнадон уавæрты. Йæ миниуджытæ: мæнгард, дыдзæсгом, магуса. Кусæг лæг, йæ удыхъæд æмæ йæ зондахаст. Сатирæ æмæ юмор ацы радзырды. | | | **Дзурынмæ** |
| **26** | | Фæлитой адæймаджы цард | **1** | | Устный контроль | Фæлитой адæймаджы цард. | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | «Мырзæджы кæрьерæ»-йы. | | | | | | | |
| 27 | | Мидхæсты цаутæ æмæ сæ фæстиуджытæ «Æхцайы чырын»-ы | **1** | | Устный контроль | " Мидхæсты цаутæ æмæ сæ фæстиуджытæ. Горæты уæззау уавæр | | | **Дзурынмæ** |
| 28 | **Гæдиаты Цомахъ 2 с.** | Гæдиаты Цомахъ – сæрибары зарæггæнæг æмæ рухстауæг. Æмдзæвгæты цикл "Ахæстоны фыстытæй""Фын". | **1** | | Устный контроль | Цомахъ — сæрибары зарæггæнæг æмæ рухстауæг. Йæ цардвæндаг."Фын". Æмдзæвгæты цикл "Ахæстоны фыстытæй". Йæ сæвзæрд, йæ иумæйаг мидис. Ахæсты тыхст æмæ зынтæ. Йæ фæндон. Лирикон геройы рæсугъд удыхъæд. | | | **Дзурынмæ** |
| 29 | | Æмдзæвгæты цикл "Ахæстоны фыстытæй"Æрæхсæв ","Арв нæры". | **1** | | | "Арв нæры". Тызмæг æрдзы ныв. Мигътæ - талынджы символон фæлгонц. Дымгæ — змæлд æмæ тохы фæсномыг. Уарын — æрдз ноггæнæг, арвы нæрд — рухс хæссæг. | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | Тохы мотив — уацмысы сæйраг хъуыды.<br><br>Æрæхсæв", "Райсом".Цомахъ æмæ йæ тохы æмбæлтты уавæр ахæстоны. Сæ тохы бæрзонд нысан — адæмы амонд, рухс æмæ сæрибары æгъдæуттæ.<br><br>Поэты фæндæттæ йæ Райгуырæн бæстæ æмæ йæ адæмы рухс фидæны сæраппонд. Æрдз — цард æмæ дунейы фидауц. | | | |
| 30 | **Малиты Геуæрги 2 с.** | Малиты Геуæргийы сфæлдыстады ахадындзинад.<br><br>Æмдзæвгæ «Федог»-ы символон нысаниуæг. | **1** | | Устный контроль | Малиты Геуæргийы царды хабæрттæ. ".Æмдзæвгæйы романтикон мидис. Поэты фæдзæхст фæсивæдæн: рухсмæ тырнын, кады хъуыддæгтæ аразын, намысджынæй цæрын. Уацмысы символон фæлгонцты нысаниуæг. | | | **Дзурынмæ** |
| 31 | | Поэмæ «Гъонгæси | **1** | | Устный | Поэты сфæлдыстады | | | **Дзурынм** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | фурт мæгур Мæхæмæт» -ы таурæгъон бындур. | | | контроль | ахадындзинад дыгурон дзырдаивады рæзты."Федог"Гъонгæси фурт мæгур Мæхæмæт.<br><br>". Поэмæйы таурæгьон бындур. Адæмы уавæр стонг заман. Мæхæмæты фæзминаг миниуджытæ: ныййарджытыл аудын, уæздандзинад, хъару æмæ курдиат. Ханы ахаст Мæхæмæт æмæ йæ чызджы уарзондзинадмæ. Мæхæмæт æмæ Гиданнæйы мæлæт, йæ социалон аххосæгтæ. Поэмæйы сюжет æмæ композици.<br><br>Литературæйы теори. Терминтæ "сюжет" æмæ "композици". | | | **æ** |
| **32** | **Беджызаты Чермен**<br><br>**3 с.** | Беджызаты Чермен.<br><br>Таурæгъ – новеллæ «Ælбегаты Батай | **1** | | Устный контроль | "Ælбегаты Батай æмæ Барсæгаты чындз".<br><br>Таурæгь-новеллæйы | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | æмæ Бæрсæгаты чындз»-ы иумæйаг мидис. | | | | иумæйаг мидис. Фыдæлты цард æмææгъдæуттæ, сæ аивадон равдыст. Батай æмæ йæ мыггаджы хъысмæт. | | | |
| **33** | | Фыдæлты цард æмææгъдæуттæ. | **1** | | Устный контроль | Адæмы зæрдæйы уаг æмæ зондахаст, сæ гуманизм. Бæтæг — мыггаджы хистæр, адæмы фарн хæссæг. | | | **Дзурынмæ** |
| **34** | | Уарзондзинад – царддæттæг. | **1** | | Устный контроль | Уарзондзинад — цард дæттæг. Уацмысы æвзаджы æууæлтæ.<br><br>Литературæйы теори.Таурæгъ. | | | **Дзурынмæ** |
| **35** | **Хъуылаты Созырыхъо 2 с.** | Хъуылаты Созырыхъо.Ирон царды социалон быцæутæ «Хохаджы хъæстытæ»- йы. | **1** | | Устный контроль | Фыссæджы цард æмæ сфæлдыстад.<br><br>"Хохаджы хъæстытæ". Ирон царды социалон быцæутæ. | | | **Дзурынмæ** |
| **36** | | Уацмыс «Музейы»-йы мидис, йæ | **1** | | Устный контроль | "Музейы". Уацмысы мидис, йæ сюжетон рæзт. | | | **Дзурынм** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | сюжеты рæзт. | | | | Гуырдзиаг меньшевикты фыдракæндтæ. Уацмысы сæйраг архайджыты фæзминаг миниуджытæ. | | | **æ** |
| **37** | **Гулуты Андрей 1с.** | Гулуты Андрей Хæсты уæззау фæстиуджытæ «Хъæбатыры мæлæт»-ы. | **1** | | Устный контроль | "Хъæбатыры мæлæт". Хæсты уæззау фæстиуджытæ. Советон адæмы хъайтарон тох фашистты ныхмæ. | | | **Дзурынмæ** |
| **38** | **Епхиты Тæтæри 1с.** | Епхиты Тæтæри Радзырд «Хуыйæндаг»-ы мидис. | **1** | | Устный контроль | Хуыйæндаг".  Радзырды мидис — фыдæгъдау адæймæгты фыдуынд митæ. | | | **Дзурынмæ** |
| **39** | **Плиты Грис 3с.** | Плиты Грис Балладæ « Авд цухъхъайы»- хæсты азар æмæ адæмы хъысмæт. | **1** | | Устный контроль | Балладæ "Авд цухъхъайы". Хæсты азар æмæ адæмы хъысмæт. Мады уавæр. Йæ ныхас йæ фыртты дзауматимæ. Фыртты дзуаппытæ. Се сгуыхтытæ, сæ кады мæлæт. Авд чызджы хъысмæт. | | | **Дзурынмæ** |
| **40** | | Мады рухс фæлгонц | **1** | | | Мады рухс фæлгонц. Дарæс удджын кæнын | | | Наизусть (Скъуыд) |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | æмæ йæ аивадон нысаниуæг уацмысы.<br>Литературæйы теори. Термин балладæ. | | | |
| **41** | | **Н.р.куыст Сочинени** «Ничи ферох , ницы ферох». | **1** | **1** | Письменны йконтроль | | | | фыссынм æ |
| **42** | **Цæгæраты Максим 1с.** | Цæгæраты Максим Нуцæйы хъысмæт, йæ удыхъæды миниуджытæ «Фæстаг æхсæвы».<br>Хохаг хъæуты уавæр цардивæнты. | **1** | | Устный контроль | «Фæстаг æхсæв". Мад æмæ райгуырæн зæхх. Нуцайы хъысмæт, йæ удыхъæды миниуджытæ.<br>Хохаг хъæуты уавæр цардивæнты. Адæймаджы ахаст фыды уæзæгмæ | | | **Дзурынм æ** |
| **43** | **Гæбулты Мелитон 1с.** | Гæбулты Мелитон .Радзырд «Æнæмастæй цæр»-мидис. | **1** | | Устный контроль | Радзырды мидис. Бинонты ахастдзинæдтæ. Мады уарзондзинад йæ хъæбултæм. Цоты хæс. Мады хъысмæт. | | | **Дзурынм æ** |
| **44** | **Цæрукъаты Алыксандр** | Цæрукъаты Алыксандр. Радзырд | **1** | | Устный | "Цымæ мын цы дзуры?.." Æрдз æмæ адæймаджы | | | **Дзурынм** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **2с.** | "Цардæй мæлæты æхсæн". Йæ мидис. | | | контроль | бастдзинад. Адæмы истори. Иры намыс æмæ трагикон цаутæ. Патриотизмы мотивтæ уацмысы.<br>Литературæйы теори. Термин сидæн. | | | **æ** |
| **45** | | Горзы лæгдзинад «Цардæй мæлæты æхсæны» -йы. | **1** | | Устный контроль | Радзырд "Цардæй мæлæты æхсæн". Йæ мидис. | | | **Дзурынмæ** |
| **46** | **Джусойты Нафи**<br>**1с.** | Джусойты Нафи.Патриотизмы мотивтæ «Ныстуан Иры фæсивæдмæ»-йы. | **1** | | Устный контроль | "Ныстуан Иры фæсивæдмæ".<br>Æмдзæвгæйы мидис — адæймаджы рæсугъд фæндиæгтæ. Патриотизмы мотивтæ. Поэты сагъæс Ирыстоны фидæныл. | | | **Дзурынмæ** |
| **47** | **Дзаболаты Хазби**<br>**1с.** | Дзаболаты ХазбиУазæгæн æгъдау кæнын æмдзæвгæ «Ис ахæм лæг хæхты»-йы. | **1** | | Устный контроль | "Ис ахæм лæг хæхты". Æмдзæвгæйы мидис. Хуымæтæг хæххон лæджы уæздандзинад. Уазæгæн æгъдау кæнын. Таурæгъты мидис. Æмдзæвгæйы | | | **Дзурынмæ** |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | идейæ.<br>"Ирон кафт". Ирон кæфтыты хицæн хуызтæ, сæ поэтикон нывæвдыст. Сæ бастдзинад адæмы цардимæ. Поэты хъуыдытæ. | | | |
| **48** | **Рафæлхат кæнын рацыд æрмæг 4с.** | | **1** | | Устный контроль | | | | **Дзурынмæ** |
| **49** | | Рафæлхат кæнын | **1** | | | | | | **Дзурынмæ** |
| **50** | | Рафæлхат кæнын | **1** | | | | | | **Дзурынмæ** |
| **51** | | **Компьютерон тест рацыд æрмæгæй** | **1** | | Устный контроль | | | | **Дзурынмæ** |